# TARIYXÍY ESTELIKLERDIŃ XALQÍMÍZ TARIYXÍNDAǴÍ ORNÍ

**Kudiyarov Alisher Rametullaevich,**
*Tariyx ilimleriniń kandidatı, docent. QMU quramındaǵı*
*«Repressiya qurbanların eslew» muzeyi direktorı.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19603489

***Annotaciya.*** *Maqalada ata-babalarımız qaldırǵan tariyxıy-mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw hám olar arqalı jas áwladtı ruwxıy tárbiyalaw haqqında sóz baradı. Sonday-aq, respublikamız aymaǵındaǵı tariyxıy esteliklerdi qorǵaw, muzeylestiriw hám olardan turizmde paydalanıwdıń áhmiyeti kórsetip ótiledi.*
***Tayanısh sózler:*** *mádeniy miyras, tariyxıy estelikler, ruwxiy tárbiya, muzeylestiriw, turizm.*

***Annotation.*** *The article discusses the preservation of the historical and cultural heritage left by our ancestors and the spiritual education of the younger generation through them. Furthermore, the importance of protecting, museumifying, and utilizing historical monuments within our republic's territory in tourism will be highlighted.*
***Keywords:*** *cultural heritage, historical monuments, spiritual education, museumification, tourism.*

**Kirisw.** Ata-babalarımızdıń ómir jolı, turmıslıq tájiriybeleri, tálim-tárbiyalıq dástúrlerdi paydalanıw arqalı insandı qáliplestiriwge jol tabamız. Danalarımızdıń aytqanınday «óz halqınıń tariyxın bilmegen, qádirlemegen, bahalamaǵan xalıq, xalıq emes». Xalqımız óziniń tariyxına tereń itibarı nátiyjesinde, ullı eki dárya aralıǵındaǵı Orta Aziyanıń Egipeti atanǵan Qaraqalpaqstan jeri jáhán mádeniyatınıń áyemgi oraylarınıń biri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstan jerinde áyemgi dáwirlerden baslap búgúngi kúnge deyin saqlanıp kiyatırǵan mádeniy miyras estelikleri oǵada kóp. Usınday mádeniy miyraslarımız arqalı xalqımız óziniń bay mádeniyatqa iye ekenligin, dúnya mádeniyatında ornınıń bar ekenligin tanıtıp kelmekte. Olardı úyreniw, keleshek áwladqa jetkeriw arqalı ózligimizdi biliw hár bir jastıń aldındaǵı wazıypalarınıń biri esaplanadı. Búgingi kúni xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriw, adamlardı hár tárepleme jetik insan etip jetilistirip barıw, ásirese jas áwladtı dúnyaǵa jańasha kóz-qaras, jańasha ruwxıylıq negizinde tárbiyalaw kúndelikli turmısımızdıń áhmietli wazıypası bolıwı kerek.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoev: “Ullı tariyxta hesh nárse izsiz ketpeydi. Ol xalıqlardıń qanında, tariyxıy esteliginde saqlanadı hám ámeliy jumıslarda kórinedi. Sonıń ushın da, ol qudiretli sanaladı. Tariyxıy miyrastı qásterlep-saqlaw, úyreniw hám áwladtan-áwladqa qaldırıw mámleketimiz siyasatınıń eń áhmietli baǵdarlarınıń biri bolıp tabıladı” [1, B. 29],- dep atap kórsetken edi.

Mámleketimizde materiallıq-mádeniy hám arxeologiyalıq miyras obektlerin tártipke salıwda tiykarǵı bas hújjet bul Ózbekstan Respublikası konstitutsiyası esaplanadı. 2023-jıl 30-aprelde qabıl etilgen Ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń 61-statyasında, puxaralar Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, ruwxıy,

mádeniy, ilimiy hám tábiyǵıy miyrasın qásterlep saqlawı shárt. Tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy, tábiyǵıy miyras mámleket tárepinen qorǵaladı delingen [2, B.33].

Sonlıqtanda hár bir puqara ótmishti qádirlep saqlawımız kerek. Tariyxımız arqalı búgingi kúni ózligimizdi saqlap kiyatırmız. Qanshadan-qansha ata-babalarımız ózligin saqlap qalıw ushın gúres alıp barǵan, óz janın qurban etken. Xalqımızdıń ar-namısın, tuwılıp ósken jerin, miyrasları hám mádeniyatı, ádep-ikramlılıǵın saqlap keyingi áwladǵa jetkerip otırǵan.

Búgingi kúni usınday tariyxıy estelikler arqalı turizmdi rawajlandırıw máseleleri de elimizde baslı máselelerdiń biri bolıp otır. Usınday tariyxıy esteliklerdiń biri Shımbaydaǵı tasbolnica xalqımız tariyxında óz ornına iye. Estelik patsha Rossiyası dáwirinde salınǵan. Bul jerde 1916-jılı patshashılıqqa qarsı úlken kóterilis kelip shıqqan. Kóteriliske hayal-qızlarda qatnasqan. Sonday-aq, 1919-jılı 5-14-avgust kúnleri tas bolnica komissarlardıń shtabı hám olardıń jasaǵan jayı bolǵan. 1919-jılı 14-avgust kúni bul komissarlar qolǵa alınǵan. Tas bolnica arxivlik maǵlıwmatlar boyınsha, 1916-jılı 15-iyunda pitkerilgen. Oǵan shártnama boyınsha 31726 r. 26 k. qarjı jumsalǵan. Tas bolnica menen bir waqıtta Nókiste (góne qalada) de usı formada jay salınǵan [3, B.86-88]. Bul jay házir buzılıp ketti. Usınday jaylardıń biri Xojelide poliklinika retinde xalqımızǵa xızmet kórsetip kiyatır edi. Keyingi waqıtlarda bul jaydı muzey etemiz dep, qarawsız qalǵan edi. Sonday-aq, usınday tas jaylardıń biri Beruniyde emlewxana xızmetin atqarıp kiyatır. Usı imaratlardıń ózi xalqımız tariyxında úlken ornı bar ekenligin biliwimiz kerek. Shımbaydaǵı hám Xojelidegi usı jaylardı muzeyge aylandıramız degenge de biraz jıllar bolıp qaldı. Sonlıqtanda tiyisli orınlar mámleket qorǵawına alıp, xalqımızdıń tariyxın kórsetetuǵın muzeyge aylantırsa jaqsı bolar edi. Sebebi imarattıń ózi tariyx. Bul orınlarǵa turistlerdi de tartıwǵa boladı. Turistler házirgi tariyxıy usılda salınǵan qurılıslarǵa emes, al burıngı tariyxıy esteliklerge qızıǵadı.

Shımbaydaǵı eń belgili tariyxıy esteliklerdiń biri Xan meshiti edi. Tariyxshı X.Esbergenovtıń jazıwınsha Xan meshit biziń jıl esabımız boyınsha 1904-1905-jılları Iygilik baydıń járdemi menen salınǵan. Xan meshittiń ishinen XV ásirge tiyisli 48 kupletten ibarat parsı tilinde jazılǵan tas plita tabılǵan. Ilimpazlardıń jazıwınsha, ondaǵı ayırım qatarlardıń mazmunı belgili bolıp, onda tek ǵana Shımbay qalasınıń social-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmısınıń dárejesin kórsetip qoymastan, al Qaraqalpaqstan xalqınıń XVIII-XX ásirdiń basındaǵı mádeniy turmısın da kórsetedi [4, B.123-126]. Sonlıqtanda usı orında estelik ornatılsa jaqsı bolar edi.

1970-jıllardan baslap jergilikli tariyxshılar Shımbaydaǵı hám onıń átirapındaǵı tariyxıy esteliklerdi izertlew boyınsha jumıs alıp baradı. Olardıń izertlew jumıslarında Erejep qala, Sasıq biydiń qorǵanı, Ayımbet iyshan medresesi sıyaqlı esteliklerdiń planların alıp, olardıń salınıw tariyxı boyınsha bahalı maǵlıwmatlar jıynaǵan. Olardıń jazıp alǵan maǵlıwmatı boyınsha, Erejep biydiń qalası sawlatlı, kózdiń otın alarlıq tórt minarı, xosh reyli dárwazası bar edi. At qosshılar minarǵa shıǵıp tórt dárbentke baqlaw júrgizip turǵan. Al házir diywallardıń dúmpeshikke

aylanǵanın kóremiz. Ilimpazlar, úlkemizge kelgen rus ekspediciyası aǵzaları tárepinen kóp tilge alınǵan esteliklerdiń biri - Ayımbet iyshan medresesi. Medrese Qaraqalpaqstandaǵı eń erte qurılǵan medreselerdiń biri. Tariyxshı M.Qarlıbaev Ayımbet iyshan medresesin XIX ásirde Qaraqalpaqstandaǵı eń úlken meshit-medresesi retinde kórsetedi [5, B.43]. Medrese búgingi kúnge shekem boy tiklep turıptı. Sonlıqtanda medresege de tariyxıy hám turistlik obekt retinde dıqqat qaratsaq jaqsı bolar edi.

Shımbay qalasındaǵı tariyxıy orınlarǵa ónermentshilerdiń jaylasqan jerlerin de kórsetiwge boladı. Atap aytqanda, Úyshi awıl, Kókshi qala, Qumbızshı awıl, Qanshanıń qudıǵı hám basqa da atamalar ushırasadı. Qumbızshı Zárip ulı Rambergenniń hám onıń áwladlarınıń atadan balaǵa ótip kiyatırǵan kásibi bolıp esaplanadı. Rambergen Zaripovtıń qumbızınıń ornın 1990-jılları súwretke alǵan edik.

Qaladaǵı belgili tariyxıy orınlardıń biri qudıqlar bolıp esaplanadı. Olardıń ayrımları búgingi kúni jaramsız halǵa kelip kómilip qalǵan bolsa, al ayrımları elege shekem xalqımızǵa xızmet etip kiyatır. Solardıń ishinde Qanshanıń qudıǵı Shımbay qalası turǵınlarına keńnen belgili. Qudıq jaqın kúnlerge shekem óziniń áhmiyetin joǵaltpastan xalıqtı ishimlik suw menen támiyinlep kelgen edi. Keyingi waqıtta qudıq jaramsız awhalǵa kelgen. Qudıqtıń ishi pisken gerbish penen órilgen. Arxiv maǵlıwmatlarında kórsetiliwinshe, 1926-jılı Shımbay qalasında xalıq suw ishiwde paydalanıp otırǵan 15 qudıq dizimge alınǵan [6, B.26]. Solardıń biri tasbolnica háwlisinde jaylasqan edi. Biraq bul házir kómilip ketken. Qudıq qazatuǵın belgili ónermentshiler bolǵan. Olardıń ishki kórinislerine qaray otırıp, gerbishler menen sulıwlap órgenligin kórip, oǵada sheber ustalardıń bolǵanlıǵına tán bereseń. Al 2020-jılı qalanıń ayırım orınların kózden ótkergenimizde, ele de qudıqlardan paydalanıp otırǵan qala turǵanlarınıń bar ekenliginiń guwası boldıq. Al waqtında belgili bolǵan Qanshanıń qudıǵı bul waqıtta jaramsız halǵa kelgen eken. Bul estelikler qala tariyxın, xalıqtıń kúndelikli turmısın, onıń materiallıq mádeniyatın úyreniwde úlken áhmietke iye. Sonıń menen birge, usı esteliklerdiń arxitekturalıq salınıw usılların, paydalanǵan shiyki zatlarınıń quramın, texnologiyasın hám basqa da táreplerin ilimiy jaqtan úyrensek, aldaǵı waqıtlarda olardıń is tájiriybelerinen qurılıs islerinde hám kúndelikli turmısta paydalansaq, óziniń nátiyjesin beriwi kerek. Eger házir saqlanıp qalǵanı bar bolsa tariyxıy miyras obektleri esabına alsa, sebebi, olardıń salınıwı hám xalqımızdıń kúndelikli turmısındaǵı ornı estelik retinde de hám turistlerdi de qızıqtırsa kerek.

Xalqımızdıń ótmishinen qalǵan miyraslar, keleshegimizdiń tiykarı bolǵan ósip kiyatırǵan jaslar tárbiyasında, olardıń oy-pikirlerin hám ádep-ikramlılıǵın, adamgershilik pazıyletlerin bayıtıwda úlken áhmietke iye. Sonlıqtan da, búgingi kúni áwladtan-áwladǵa ótip, xalqımızdıń ózligin ańlatıw menen birge, maqtanıshına aylanıp saqlanıp kiyatırǵan bay usınday miyraslar tek qaraqalpaq xalqınıń turmısında emes, al ulıwma jer júzlik kólemde tán alınıwına erispekte. Onıń ayqın mısalı retinde muzeylerimizde saqlanıp kiyatırǵan eksponatlardıń dúnyanıń

kóplegen ellerinde kórsetpege qoyıwları, ilimpazlardıń ilimiy miynetleriniń hám awızeki dóretiwshiligimizdiń miyraslarınıń shet ellerde baspadan shıǵıwı, sonday-aq, shet el ilimpazlarınıń xalqımız miyrasların úyreniwge qızıǵıwshılıǵınıń asıp barıwı menen birge, usınday tariyxtı hám bay miyrastı kóriwge bolǵan turistlerdiń kóbeyip barıwı kórsetip bermekte.

Juwmaqlap aytqanımızda bay mádeniy miyraslarımızǵa ekologiyalıq jaǵdaylar, jerlerdiń shorlanıwı, mádeniy esteliklerge zıyanlı tásirin tiygizbekte, sonıń ushın olardı qorǵaw, keleshek áwladlarǵa abaylap-qásterlep jetkeriw ushın úgit-násiyat ilajların alıp barıw, mádeniy miyraslardı xatlawdan ótkeriw, mámleketlik qorǵaw dizimine kirgiziw, turizm orınlarına aylandırıw búgúngi kúndegi dáwir talabı dep esaplaymız. Sebebi bul mádeniy miyraslar xalqımızǵa xızmet etkenligi, xalqımız tariyxınıń hám ruwxıy dárejesiniń joqarı ekenligin kórsetetuǵın óshpes gúwası retinde saqlanıp kiyatır. Mádeniy miyraslar xalıq tariyxınıń janlı gúwası, olardı úyreniw arqalı jaslarda watan súyiwshilik ideyası, tariyxımızǵa degen qızıǵıwshılıq elede kúsheyedi, elimiz qúdiretin bekkemlewgede óz úlesin qosadı. Mádeniy miyraslarımızdı úyreniw bizler ushın parız hám qarız esaplanadı, olar tariyxımızdıń jańa betlerin tolıqtırıp barıwǵa, milliy ózligimizdi ańlawda, xalqımız tariyxın jáhánge tanıtıwda bahalı derekler bolıp sanaladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Мирзиёев Ш. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. том 1, Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.
2. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. Тошкент: «Yuridik adabiyotlar publish» 2023.
3. Кудияров А.Р. История строительства «Тас больница» в г. Чимбае//Вестник Каракалпакского государственного университета им. Бердаха. 2017. №2.
4. Есбергенов Х., Новицкий И. Дидактика на мраморной плите из города Чимбая. Вестник Каракалпакского отделения АНРУз. 1997, N 5.
5. Қарлыбаев М. Медресе в Каракалпаки XIX - начала XX веков. – Нукус «Билим», 2002.
6. ҚР ОМА, ф.12, оп. 3, д. 26, л. 26.